

Avi Odyans Biblik ak Opòtinite pou Kòmante sou Pwopozisyon Amande yo
nan Chapit 10 nan Tit 68 ak Pwopozisyon pou Ajoute nan Chapit 60 nan
Tit 28 nan Règleman Vil New York yo

Ki sa nou pwopoze? Administrasyon Resous Imèn Vil New York (New York City Human Resources Administration, HRA) ansanm ak Depatman Konsèvasyon ak Devlòpman Lojman an (Department of Housing Preservation and Development, HPD) an pwopoze pou ajoute yon novo Souchapit C anba Chapit 10 la nan Tit 68 la anndan Règleman Vil New York la epi anba Chapit 60 nan Tit 28 Règleman Vil New York la, tout sa a nan lide pou tabli yon novo pwogram CityFHEPS ki pral fè ranbousman pou reyabilitasyon inite lojman a ba pri, ki vid, epi ki estabilize pou lwaye. Pwogram lan ta ogmante disponibilite lojman ki a bon pri pou moun ak fanmi ki te deja sanzabri yo. HRA pwopoze tou pou modifye dispozisyon Souchapit A nan pwogram CityFHEPS la nan konfòmite ak règ ijans HRA an, yo adopte nan dat 16 jen 2023 a, ki gen pou wè ak kritè kalifikasyon pou pwogram CityFHEPS la.

Odyans piblik la ap fèt a distans sou Zoom Vandredi 15 septanm 2023 a 10è nan maten. Moun ki ta renmen suiv odyans lan kapab patisipe sou:

Zoom (vidoyo ak odyo):

<https://www.zoomgov.com/j/1603165040>

Oswa ale sou www.zoom.us, klike sou Join a meeting (patisipe nan yon reyinyon) epi antre Nimewo Reyinyon (Meeting ID) an: 1603165040

Telefòn (odyo sèlman): 1-646-828-7666

Lè yo mande w sa a, antre nimewo reyinyon an: 1603165040
Nimewo pòtab rapid: +16468287666, 1603165040#

Kijan pou mwen fè kòmantè sou règleman yo pwopoze yo? Nenpòt moun kapab fè kòmantè sou règleman nou pwopoze yo pa mwayen:

- **Sitwèb.** Ou kapab soumèt kòmantè yo bay HRA sou sit entènèt règ NYC yo nan <http://rules.cityofnewyork.us>.
- **Imèl.** Ou kapab voye kòmantè pa w yo pa imèl nan NYCRules@hra.nyc.gov. Tanpri mete “CITYFHEPS Amendments” nan liy sijè a.
- **Kourye.** Ou kapab voye kòmantè yo pa kourye nan:

HRA Rules
c/o Office of Legal Affairs
150 Greenwich Street, 38th Floor
New York, NY 10007

Tanpri di aklè w ap fè kòmantè sou modifikasyon règ pwogram CITYFHEPS lan.

- **Faks.** Ou kapab voye kòmantè yo pa faks nan 917-639-0413. Tanpri mete “CITYFHEPS Amendments” nan liy sijè a.

- **Pran lapawòl nan odyans lan.** Ou kapab enskri pou ou pale nan odyans lan lè ou rele 929-221-7220 oswa lè ou voye imèl nan NYCRules@hra.nyc.gov nan dat oswa anvan kòmansman odyans lan nan dat 15 septanm 2023. Yo ap rele moun ki pral pran lapawòl yo nan lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale jiska twa (3) minit.

Èske gen yon dat limit pou soumèt kòmantè yo? Dat limit pou soumèt kòmantè yo se 15 septanm 2023 a minui. HRA dwe resevwa kòmantè yo, san wete sa yo voye pa kourye yo nan dat oswa anvan dat 15 septanm 2023 a.

E si mwen bezwen èd pou m patisipe nan odyans lan? Si ou bezwen sèvis entèprtè lang oswa yon aranjman rezonab pou patisipe nan odyans lan, ou dwe di nou sa. Ou kapab di nou sa pa imèl nan NYCRules@HRA.nyc.gov. Ou ka di nou sa nan telefòn tou nan 929-221-7220. Li nesesè pou ou avèti nou davans pou ou kapab pèmèt nou genyen ase tan pou nou fè aranjman. Tanpri di nou sa avan jou lendi 11 septanm 2023 a 9 è nan maten.

Èske m kapab wè kòmantè yo fè sou règ yo pwopoze yo? Ou ap kapab li kòmantè yo fè anliy sou règleman nou pwopoze yo lè ou ale sou sitwèb la ki se <http://rules.cityofnewyork.us/>. Kopi tout kòmantè yo soumèt sou entènèt yo, kopí tout kòmantè yo fè alekri yo, ak yon rezime konsènan kòmantè yo fè aloral sou règleman nou pwopoze a ap disponib pou publik la sou sitwèb HRA a tousuit apre odyans lan.

Ki sa ki bay HRA ak HPD otorizasyon pou yo tabli règ sa a? Seksyon 603, 1043, ak 1802 nan Manman Lwa Vil la. Yo pat mete règ sa a yo pwopoze an nan kalandriye règlemantè HRA ak HPD yo pou ane fiskal sa a.

Ki kote mwen ka jwenn règ HRA ak HPD yo? Règ HRA yo chita kò yo nan tit 68 epi pa HRA yo nan Tit 28 la, ki yo toude nan Règleman New York City yo.

Ki règ ki detèmine metòd pou fè règ yo? HRA ansam ak HPD dwe respekte egzijans Seksyon 1043 ki nan Manman Lwa Vil la lè li ap etabli oswa chanje règ yo. Nou fè avi sa a dapre kondisyon nou jwenn nan Seksyon 1043(b) Chat Vil la.

Deklarasyon Rezon ak Objektif

Règ pwopoze sa yo fè anpil chanjman nan pwogram CityFHEPS la. Premyèman, règ pwopoze sa yo tabli yon pwogram pilòt - ki gen pou I kodifye nan Souchapit C anba Chapit 10 nan Tit 68 la - ki vize pou I fasilité moun ki genyen bon CityFHEPS yo jwenn apatman ki sekirité epi ki pwòp. Vil New York genyen yon gwo pwoblèm pou moun jwenn lojman ki disponib. Sitiyasyon kote pa gen ase apatman an pi mal toujou nan kad kay ki a bon pri yo, paske mwens pase yon poustan apatman y ap mande mwens pase \$1,500 pa mwa pou yo ki disponib. Jan yo di sa a nan plan Vil la genyen pou anpeche moun rete sanzabri ki rele "Housing Our Neighbors: A Blueprint for Housing and Homelessness" (Bay Vwazinay nou Kay: Yon Plan Aksyon pou Lojman ak Èd pou Sanzabri), Vil la bay tèt li angajman pou I jwenn kay ki sekirité, bon jan kalite epi ki a bon pri pou abitan New York yo. Inisyativ "Unlocking Doors" (Louvri Pòt) la, jan li tabli nan règ pwopoze a, pral ede nan akonpli objektif sa a nan ofri sibvansyon pou reyabilitasyon kay ki a lwaye stabilize ki bezwen reparasyon yo a kondisyon pou inite ki reyabilite yo se abitan New York ki nan sitiayson sanzabri epi ki gen bon CityFHEPS yo lwe yo. Sibvansyon a ranbousman sa a pral ede nan redui kantite apatman a ba ri, ki vid sa yo epi an menm tan I ap ogmante kantite lojman pou tout pòch ki sekirité ki disponib pou moun ki gen bezwen annijans yo. Li pral ede moun ki genyen bon CityFHEPS yo deplase kite abri yo pou ale nan yon lojman ki pèmanan.

Pwogram pilòt sa a pral konsantre sou ti kantite apatman a lwaye stabilize ki toujou vid epi ki bezwen gwo reparasyon yo nan lide pou fè yo vin pi sekirité pou moun vin rete ladan yo. Yon inite ki kapab jwenn asistans nan pwogram sibvansyon a ranbousman sa a dwe: (1) gen lwaye stabilize; (2) vid ni nan ane 2022 a ni nan ane 2023 a; epi (3) gen yon nivo lwaye legal ki pi ba pase nivo aplikab ki espesifye a. Pou benefisyé yon sibvansyon a ranbousman, yon aplikan ap bezwen premyèman soumèt yon estimasyon depans konstriksyon yo bay HPD pou yon pre-apwobasyon. HPA pral sètifye inite a respekte sèten kritè kalifikasyon epi l ap konfime estimasyon depans lan ap ann akò ak pwogramasyon alokasyon depans maksimòm li yo pou atik travay ki kalifye pou ranbousman yo. Apre HPD fin fè yon detèminasyon kalifikasyon preliminè pou li, pwopriyetè a pral genyen sis mwa pou l fin fè konstriksyon an, apre sa pral gen yon evalyasyon sou sekrite ak kalite lojman y ap fè pou inite lojman konsène a. Mete sou sa a, inite a dwe an konfòmite ak egzijans enspeksyon penti a baz plon yo pale nan seksyon 27-2056.4(a-1) nan Kòd Administratif la. Apre yon enspeksyon ki reyisi, HRA pral travay ansanm ak pwopriyetè a pou l kapab lwe inite lojman an ak yon fanmi ki kalifye epi l pral peye depans reparasyon final la HPD apwouve an, jiska yon maksimòm \$25,000 pou menm inite lojman sa a.

Nouvo pwogram sibvansyon a ranbousman sa a, se Administrasyon Resouzimèn ak Depatman Konsèvasyon ak Devlòpman Lojman an ki ap administre l.

Dezyèmman, règ pwopoze sa yo ap revize egzijans kalifikasyon ki genyen pou yon bon CityFHEPS. Nan dat 16 jen 2023, Majistra Eric Adams siyen yon règ ijans ki amande (modifie) Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo, li te fè sa pandan l t ap elimine egzijans kalifikasyon pou pwogram CityFHEPS ki mande pou fanmi k ap chèche bon acha yo pase nan yon abri ki kalifye a epi pandan l ap fè egzijans 10 èdtan travay pou fwaye ki ap chèche bon acha yo chak semèn. Modifikasyon sa yo nan pwogram CityFHEPS la se modifikasyon ki vize ede plis fwaye ki nan bezwen jwenn bon asistans lwaye, pandan l ap retire plis moun nan estrikti akèy ki bezwen plas annijans anndan sistèm refij Vil la. Vil la aktyèlman ap pwopoze pou fè chanjman sa yo vin pèmanan atravè amandman règ sa a. Espesifikman, règ CityFHEPS yo modifie nan fason sa a:

- Elimine egzijans 90 jou tan sejou nan abri pou granmoun selibatè ak fanmi yo.
- Redui kantite èdtan fanmi yo genyen kòm egzijans pou yo travay pou yo vin kalifye pou CityFHEPS sòti nan 14 rive nan 10 èdtan pa semèn, epi aplike yon egzijans travay 10 èdtan pa semèn pou adilt selibatè yo. Chanjman sa a pral rann gwoup moun ki nan abri yo pi omojèn.
- Pou fwaye k ap deplase kite abri yo pou ale nan lojman pèmanan yo, li obligatwa pou fwaye a pa t rezide nan rezidans yo pral antre ladan l lan nan okenn moman nan ane anvan sa a.

Règ HRA tabli nan kad ijans yo, ki gen pou wè ak kritè kalifikasyon pou pwogram CityFHEPS la, pral rete an vigè pou swasant jou an plis nan lide pou pèmèt publikasyon avi ak kòmantè sou règ pwopoze sa a, epi apre pou gen yon règ final ki tabli.

Seksyon 603, 1802 ak 1043 nan Manman Lwa Vil la otorize HRA ansanm ak HPD pibliye règ sa yo epi Seksyon 34, 56, 61, 62, 77, ak 131-a nan Lwa sou Sèvis Sosyal New York la otorize HRA pibliye règ sa yo.

Nou souliyen nouvo enfòmasyon an.
Enfòmasyon ki efase a se [kwochè].

Seksyon 1. Sou-divizyon seksyon 10-01 nan Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York la gen modifikasyon ki fèt ladan l pou yo li l jan sa endike anba la a:

(f) "CityFHEPS" oswa "the CityFHEPS Program", lè yo itilize I nan Souchapit A chapit sa a, vle di pwogram ki dekri nan Souchapit A a, sof nan ka kontré. Lè yo itilize I nan Souchapit B chapit sa a "CityFHEPS" oswa "the CityFHEPS Program", vle di pwogram ki dekri nan Souchapit B a, sof nan ka kontré. Lè yo itilize I nan Souchapit C chapit sa a "CityFHEPS" oswa "the CityFHEPS Program", vle di pwogram ki dekri nan Souchapit C a, sof nan ka kontré.

§ 2. Seksyon 10-01 nan Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York la gen modifikasyon ki fèt ladan I kote yo ajoute senk novo definisyon ki ap la nan lòd alfabetik pou yo li I jan sa endike anba la a:

"Organis administrasyon Souchapit C CityFHEPS yo" vle di DSS ak HPD.

"HPD" vle di Depatman Konsèvasyon ak Developman Lojman Vil New York.

"Lojman Souchapit B" vle di inite lojman òganis administrasyon Souchapit C CityFHEPS yo deziyen antanke yon inite lojman yo kapab aplike peman asistans lwave CityFHEPS ak sibvansyon reparasyon pou inite lojman Souchapit C an konfòmite ak Souchapit C nan chapit sa a.

"Sibvansyon pou reparasyon inite lojman Souchapit C" vle di se yon sibvansyon ranbousman yo bay yon pwopriyetè selon sou-chapit sa a ak Chapit 60 nan Tit 28 Règ Vil New York yo.

§ 3. Seksyon 10-02 Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York amande pou li endike nan fason ki anba a:

§ 10-02 Administrasyon Pwogram CITYFEPS yo

HRA ap administre Pwogram CITYFEPS la epi li ap pran desizyon sou kalifikasyon dapre chapit sa a. Pwogram CityFHEPS yo ap genyen ladan I [de] twa pwogram: pwogram asistans lwave ki santre sou lokatè a ki dekri nan Souchapit A a, [epi] pwogram asistans lwave ki santre sou pwojè a ki dekri nan Souchapit B a, epi pwogram reparasyon inite lojman an ki li menm dekri nan Souchapit C a. Pwogram ki santre sou lokatè a a ap ofri asistans lwave pou fwave ki kalifye yo itilize I nan nenpòt inite yo chwazi ki respekte egzijans pwogram yo. Pwogram ki baze sou pwojè a bay fwave ki elijib yo asistans pou lwave ki konsène apatman espesifik HRA detèmine menm jan ak apatman nan Souchapit B yo. Pwogram reparasyon inite lojman an se yon pwogram pilòt ki pral egziste toutotan genyen fon ki egziste pou administrasyon li epi I pral pèmèt yon kantite limite pwopriyetè ki respekte egzijans ki tabli nan Souchapit C Chapit sa a epi nan Chapit 60 Tit 28 Règ Vil New York yo pou yo resevwa ranbousman pou reparasyon nesesè nan inite lojman ki vid epi ki gen lwave estabilize yo, si tout bon inite sa yo, yo lwe yo ak fwave ki benefisyé koupon asistans lwave pwogram CityFHEPS ki santre sou lokatè a.

§ 4. Yo amande seksyon 10-04 Tit 68 nan Règleman Vil New York pou yo li I konsa:

§ 10-04 Kalifikasyon Inisyal, Sètifikasiyon ak Apwobasyon Pou Moun ki nan Abri yo ak Moun ki Sanzabri nan Lari yo

(a) Yon fwaye ki nan yon abri HRA oswa DHS oswa sanzabri ki nan lari dwe ranpli kondisyon sa yo pou li kalifye pou li resevwa yon lèt acha pou li jwenn èd CITYFHEPS pou lwave nan kad souchapit sa a:

(1) Fwaye a dwe gen yon revni brit total ki pa depase 200 pouzan FPL la, sof yon fwaye ki genyen ladan li yon sèl manm ki gen 18 lane pou pi piti kapab genyen yon revni brit total ki depase 200 pou san FPL la si gress manm sa a anplwave omwen 35 èdtan pa semèn epi I ap rantre salè minimòm nan selon Lwa sou Travay 652 Vil New York la oswa Pati 146 nan Tit 12 Kòd, Règ ak Règleman Vil New York yo.

(2) Si fanmi an p ap resevwa èd piblik (PA) nan moman an, HRA kapab mande pou fanmi an aplike pou nenpòt èd ki disponib selon Pati 352 Tit 18 Kòd Règ ak Règleman New York yo.

(3) Rezève.

(4) Si yon fwaye ranpli kondisyon pou li kalifye pou tout avantaj lojman federal oswa eta, ni Seksyon 8 oswa pwogram HRA HOME TBRA nou dekri nan 68 RCNY Ch. 9, sou demann HRA, yo kapab mande pou fwaye an aplike pou avantaj sa yo epi pou li resevwa yo si yo ofri I yo.

(5) Fwaye a pa dwe kalifye pou pwogram FHEPS la.

(6) Si yo jije nenpòt nan manm fwaye a kalifye pou abri HRA nan kad Seksyon 452.9 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York yo, fwaye a pa dwe genyen ladan I moun ki fè vyolans domestik ki lakòz yo te pran desizyon sa a.

(7) Si fanmi an nan yon Abri DHS pou Fanmi, fanmi an dwe kalifye pou abri jan DHS detèmine sa dapre Pati 351 ak 352 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York yo.

(8) Fwaye a dwe sanzabri ap viv nan lari, li dwe rete nan yon abri DHS yo idantifye ki pa lwen pou I fèmen, oswa li dwe fè pati Gwoup A oswa Gwoup B ki pi ba a:

(A) *Gwoup A*: Yon fanmi pral fè pati Gwoup A si li reponn ak youn nan kritè ki dekri anba yo epi swa: (1) li abite nan yon abri DHS nan moman an epi swa li benefisyé yon pasaj nan abri kalifye dapre seksyon 68 RCNY § 10-04(b) oswa li elijib pou abri HRA]; oswa (2) li abite nan yon abri HRA nan moman an:

(i) Fwaye a [: (AA) gen yon moun ki po ko gen 18 lane epi (BB)] li ap travay an gwoup omwen [14] 10 èdtan pa semèn nan yon travay yo pa sibvansyone oswa nan yon pwogram travay sibvansyone kalifye epi li kapab gen revni apati travay sa a pandan 30 dènye jou yo. Sepandan, Manm Komisyon an kapab dispanse fwaye a nan travay an gwoup omwen [14] 10 èdtan pa semèn pou yon rezon valab lè fwaye a te fè prèv li nan travay epi li te konstan, epi sa pa gen lontan li te pèdi nan kantite èdtan li te travay akòz sikoranski ka pasaje;

(ii) [Fwaye a gen manm ki gen 18 lane pou pi piti sèlman epi li kapab gen revni apati travay yo pa sibvansyone oswa nan yon pwogram travay sibvansyone kalifye pandan 30 jou dènye jou yo;

(iii) Fwaye a gen yon manm ki ap resevwa avantaj federal pou andikap oswa ki resevwa sibvansyon PA chak mwa regilyèman epi HRA te detèmine li ranpli kondisyon pou avantaj federal pou andikap sou baz pwòp andikap dokimante li a;

[(iv)] (iii) Fwaye a gen yon manm ki gen 60 lane oswa plis; oswa

[(v)] (iv) Fwaye a gen yon manm ki gen 18 lane pou pi piti yo pa kite fè aktivite travay PA, dapre Seksyon 385.2(b)(5) nan Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York la.

(B) *Gwoup B*: Yon fanmi pral fè pati Gwoup B si li ap viv nan yon abri HRA oswa DHS epi li reponn ak youn nan kritè ki dekri anba yo:

(i) Fanmi an genyen yon veteran ladan I; osinon

(ii) Fwaye a gen yon moun yon ajans Vil la te refere apati yon pwogram kalifikasyon CityFHEPS epi Manm Komisyon an te detèmine akoz sikoranski patikilye fwaye a ladann nan, èd CityFHEPS pou lwave nesesè pou redui tan fwaye a ap pase nan yon abri HRA oswa DHS.

(b) *[Pasaj nan Abri Kalifye ak Limit]*:

(1) *Pasaj nan Abri Kalifye*: Yon fwaye ki nan yon abri DHS pou fanmi ap kapab pase tan nan yon abri kalifye selon objektif seksyon 68 RCNY § 10-04(a)(8)(A) la si fwaye an te abite nan yon abri DHS pandan omwen 90 jou anvan sètifikasyon an, san konte jou yo sote ki rive jiska dis

(10) jou civil. Yon moun ki nan yon abri DHS pou granmoun k ap viv poukонт yo ap kapab pase tan nan yon abri kalifye selon objektif seksyon 68 RCNY § 10-04(a)(8)(A) la si moun nan te abite nan yon abri DHS pandan omwen 90 jou nan 365 dènye jou yo. Depi yo otorize yon fwaye pase tan nan yon abri kalifye, li p ap pèdi elijiblité pou li resevwa yon lèt (bon) acha selon seksyon 68 RCNY § 10-04(c) an lè li kite yon kategori abri pou l ale nan yon lòt. Menm jan an, yon fwaye ki te sanzabri nan lari p ap pèdi elijiblité pou li resevwa yon lèt acha lè l antre nan yon abri HRA oswa DHS.

(2) *Limit konsènan Pasaj nan Abri Kalifye:* Manm Komisyon an kapab fikse yon dat pou pasaj nan abri kalifye a kòmanse, selon objektif seksyon 68 RCNY § 10-04(a)(8)(A), aprè yon evalyasyon konsènan kondisyon mache lojman, to itilizasyon abri, ak disponiblité finansman an, lè Manm Komisyon an detèmine yon dat limit nesesè pou kenbe pwogram nan aktif. Manm Komisyon an ka retire dat limit sa a apre l fin analize kondisyon mache lojman yo, to itilizasyon abri yo ak finansman ki disponib lan.

(c) Lè yon fwaye te ranpli kondisyon elijiblité ki tabli nan seksyon 68 RCNY § 10-04(a) sa a, Manm Komisyon an dwe bay fwaye sa a yon lèt acha. Lèt la ap gen ladan l yon dat espirasyon epi l ap endike kondisyon pou fanmi an kontinye satisfè egzijans seksyon 68 RCNY § 10-04(a) jis nan moman apwobasyon an.

[(d)] (c) Yon fwa yon fwaye resevwa yon lèt acha CityFHEPS, fwaye a dwe ranpli kondisyon adisyonèl sa yo pou apwouye pou l resevwa asistans lwaye CityFHEPS a:

(1) Fwaye a dwe gen yon kontra lwaye pou omwen yon (1) lane pou yon rezidans nan Vil New York ki te pase yon evalyasyon pou detèmine si li ofri sekirite epi si gen garanti pou yo abite ladann. Fwaye a pa dwe t ap viv nan rezidans sa okenn moman nan ane anvan sa a, sof Manm Komisyon an, nan kad pouvwa l genyen pou l pran desizyon, kapab pèmèt yon fwaye fè sa a nan sikontans ki ra anpil, tankou men ki pa limite ak kote yo te mete fanmi an deyò, yo te mete fanmi an deyò yon fason ki pa dirèk, oswa si yo te fose fwaye sa a deplase poutèt kondisyon initie lojman an, epi mèt kay la te fè tout reparasyon pou fè apatman an vin an konfòmite ak kòd aplikab yo; kote mete yo te met lokatè a deyò a se te pou l kite yon lojman asistans epi pou fè lokatè a retounen nan lojman asistans lan se nan pi bon enterè fwaye a; oswa nan ka kote mwayen antre ak sòti yo aksesib pou yon moun ki gen andikap epi/oswa apatman an gen fonksyon estriktirèl pou aksè ki adapte ak bezwen yon moun ki gen difikilte pou l deplase.

(2) Si fwaye a gen yon moun ki po ko gen 18 lane, yo dwe fè bay la oswa kontra lokasyon an pou yon apatman.

(3) Lwaye pou apatman an dwe rezonab an konparezon ak lòt apatman zòn nan kote apatman an ye a epi li pa dwe depase lwaye maksimòm pa mwa a, oswa nan ka yon initie lojman y ap fè yon peman adisyonèl selon seksyon 68 RCNY § 10-15(h) an pral aplike, li pa dwe depase lwaye règlemantè a.

(4) Fwaye a dwe jwi pwoteksyon kont ogmantasyon lwaye pandan omwen yon (1) lane, sof si apatman an sou règleman gouvènmantal konsènan lwaye yo aksepte, y ap otorize ogmantasyon lwaye yo otorize nan kad règleman sa a nan mitan ane.

(5) Si fwaye a p ap resevwa PA nan moman an, fwaye a dwe aplike pou nenpòt èd ki disponib nan kad Pati 352 Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York la.

(6) Tout manm nan fwaye a ki elijib pou PA dwe resevwa PA epi tout manm ki resevwa PA yo dwe respekte kondisyon PA yo.

[(e)] (d) Nan moman apwobasyon an, HRA pral kalkile kantite lajan èd pou lwaye chak mwa fanmi an dapre seksyon 68 RCNY § 10-06 oswa seksyon 68 RCNY § 10-07 lan, si li aplikab. Sof jan sa endike nan seksyon 68 RCNY § 10-09 la, montan chak mwa pou asistans lwaye a pa pral chanje jiska renouvèlman, kèlkeswa chanjman nan konpozisyon, revni, maksimòm pri lwaye pa mwa, oswa pri reyèl lwaye pou apatman CITYFHEPS la.

§ 5. Nou ajoute yon nouveau Souchapit C pou modifie Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo pou yo li I jan li endike pi ba a:

Sou-Chapit C: CityFHEPS – Pwogram Reparasyon Inite Lojman a Lwave Estabilize

Inite Lojman Souchapit C nan seksyon § 10-24 la.

(a) Pou yon moun kalifye pou I jwenn yon sibvansyon reparasyon inite lojman nan kad Souchapit C a, yon inite lojman dwe respekte kritè ki pi ba yo:

(1) Inite lojman an dwe plase nan Vil New York la epi li dwe estabilize pou lwave selon lwa sou lwave estabilize ane 1969 la, selon kòd estabilizasyon lwave a, selon lwa sou pwoteksyon lokatè nan moman ijans pou ane 1974 la, oswa selon nenpòt lwa oswa règleman apre sa aki abòde menm kalite sijè sa a yon fason ki komplè;

(2) Inite an dwe vid nan moman aplikasyon pou yon sètifica preliminè pou kalifikasyon selon Chapit 60 Tit 28 Règ Vil New York la, epi I dwe te anrejistre nan lè I dwe fèt la antanke yon lojman ki vid nan anrejistreman lwave anyèl pou ane 2022 ak 2023 a nan Divizyon Renouvèlman Lojman ak Kominote Eta New York la; epi

(3) Lwave legal pou inite lojman an dwe anrejistre nan lè sa dwe fèt la pandan peryòd soumisyon ki sòti 1ye avril rive 31 jiye pou anrejistreman lwave anyèl ni pou ane 2022 a ni pou ane 2023 a epi sa dwe fèt nan Divizyon Renouvèlman Lojman ak Kominote Eta New York la epi li dwe fèt nan oswa anba nivo ki afiche pi ba yo:

- (A) \$1200 pou yon inite lojman ki gen pou pi plis yon chanm a kouche;
- (B) \$1300 pou yon inite lojman ki gen de (2) chanm a kouche; ak
- (C) \$1400 pou yon inite lojman ki gen twa (3) oswa plis chanm a kouche.

(b) Yo pa kapab deziyen plis pase twa inite nan yon konstriksyon miltip (kolektif) antanke inite lojman Souchapit C.

(c) DSS pral mete yon Sibvansyon Reparasyon pou Inite Lojman Souchapit C disponib pou pwopriyetè yon inite lojman yon fwa pwopriyetè sa a (i) resevwa yon sètifica final pou kalifikasyon nan men HPD nan konfòmite ak egzijans ki nan Chapit 60 nan Tit 28 Règ Vil New York la epi (ii) yon fwa li mete I an konfòmite ak soudivizyon b nan seksyon 10-25 chapit sa a.

(d) Aplikasyon pou patisipasyon nan pwogram CityFHEPS la an ap fè t sou baz premye moun ki vivi an se premye moun k ap jwenn sèvis la.

(e) Sibvansyon pou Reparasyon Inite Lojman Souchapit C a p ap depase \$25,000 pa inite lojman.

(f) Pwogram CityFHEPS lan ap fèt sa depan si gen oswa pa genyen finansman.

§ 10-25 Obligasyon Pwopriyetè a.

(a) Yon sètifika preliminè pou kalifikasyon ak yon sètifika final pou kalifikasyon pral disponib nan konfòmite ak eqzijans ki nan Chapit 60 nan Tit 28 Règ Vil New York la. Yon pwopriyetè genyen sis mwa apati dat sètifika preliminè kalifikasyon an sòti a pou l fè reparasyon yo defini nan aplikasyon an. Ranbousman pou reparasyon yo ap limite ak montan ki afiche nan pwogramasyon depans rezonab sètifye a, paske kondisyon sa yo tabli nan Chapit 60 Tit 28 Règ Vil New York la.

(b) Apre l fin resevwa yon sètifika final kalifikasyon nan men HPD, yon pwopriyetè dwe siyen yon kontra lwaye youn oswa de lane, selon chwa lokatè a, ak yon fwaye ki genyen yon lèt acha.

§ 10-26 Kalkil pou Montan Peman Asistans Lwaye selon Souchapit C a ak Sibvansyon pou Reparasyon Inite Lojman selon Souchapit C a.

(a) Y ap kalkile montan peman asistans lwaye CityFHEPSap fè chak mwa nan non fwaye a selon soudivizyon (a) ak (b) yo nan seksyon 10-06 chapit sa a gras ak chif ki pi ba nan maksimòm lwaye pa mwa ki tabli nan soudivizyon (a) seksyon 10-05 chapit sa a oswa (ii) lwaye aplikab ki tabli nan anrejistreman anyèl nan Divizyon Renouvelman Lojman ak Kominote Eta New York la.

(b) Sof nan ka seksyon 10 a 20 chapit sa a prevwa l la, pèman èd CityFHEPS pou lwaye yon fwaye p ap chanje iiska renouvelman, kèlkeswa chanjman ki vin genyen nan konpozisyon fwaye a, nan revni li, lwaye maksimòm pa mwa a, oswa lwaye aktyèl pou apatman Souchapit C a.

(c) Yon fwa pwopriyetè a fin konfòme l ak seksyon 10-25 nan chapit sa a, pwopriyetè inite lojman sa a pral resevwa peman yo konsa:

(1) HRA pral bay pwopriyetè a yon sibvansyon Reparasyon Inite Lojman Souchapit C nan montan ki afiche nan sètifika kalifikasyon final HPD a, si montan sa a pa depase \$25,000 pou inite lojman sa a.

(2) HRA ap peye premye mwa lwaye a anplen plis pèman asistans lwaye CityFHEPS la pou twa (3) pwochen mwa yo. Malgre deklarasyon pi wo a, HRA ap aksepte tout demann mèt kay la fè pou li resevwa pèman premye mwa lwaye a davans.

(d) Apre li fin fè peman ki dekri nan soudivizyon (d) seksyon 10-06 chapit sa ak paragraf (1) nan soudivizyon (c) seksyon sa a, HRA dwe peye kantite lajan èd CITYFHEPS pa mwa pou lwaye a dirèkteman ba mèt kay la chak mwa toutotan fanmi an rete kalifye epi si finansman pou peman sa yo rete disponib, men HRA, selon jijman pa li, ka peye an avans plis mwa peman èd CITYFHEPS pou lwaye a si sa nesesè pou l atenn objektif ki dekri nan plan ki rele Turning the Tide on Homeless in New York (Vire Van sou Sanzabri yo Nan Vil New York).

§ 10-27 Lòt Dispozisyon pou Souchapit C a.

Pou lwa yon inite lojman Souchapit C, yon fwaye dwe respekte kritè ki tabli nan seksyon 10-04 chapit sa am sof fwaye a dwe gen yon kontra lwaye ki tabli pou youn oswa de lane, selon chwa lokatè a, pou yon lojman nan New York ki pase enspeksyon sekirite ak evalyasyon òganis administrasyon CityFHEPS yo ap fè pou konn si moun kapab rete ladan l selon paragraf 4 nan soudivizyon c seksyon 60-02 Tit 28 Règ Vil New York yo.

§ 6. Tit 28 Règ Vil New York amande avèk yon nouvo chapit 60 ki ajoute ladan li, ki dwe li jan sa endike anba la a:

Chapit 60
CityFHEPS – Pwogram Reparasyon Inite Lojman a Lwaye Estabilize

§ 60-01 Limit, Konstriksyon, Definisyon yo.

(a) Limit Règ yo. Chapit sa a, nan akò ak Souchapit C nan Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York yo, tabli ak règlemente yon pwogram sibvansyon ranbousman pou sèten konstriksyon nan sèten inite lojman nan Vil New York la.

(b) Konstriksyon. Yo dwe entèprete chapit sa a ann akò ak Souchapit C nan chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York la.

(c) Definisyon yo. Selon jan yo di l nan chapit sa a, men ki sa tèm ki vin annapre yo vle di: Tèm ki an lèt majiskil yo pa defini espesifikman yo genyen siyifikasyon yo tabli nan Chapit 10 Tit 68 Règ Vil New York la.

BLDS. "BLDS" vle di Divizyon Konstriksyon ak Sèvis Devlòpman Teren HPD a oswa nenpòt òganis ki la apre l.

Sètifica Okipasyon. "Sètifica Okipasyon" an vle di yon sètifica okipasyon Depatman Konstriksyon Vil New York la sòti nan kad yon inite lojman kolektif Klas A.

Pwogramasyon Depans Rezonab Sètifye a. "Pwogramasyon Depans Rezonab Sètifye a" a se yon tablo ki bay limit maksimòm dola ki disponib pou modifikasyon espesyal, HPD tabli epi mete ajou, selon jan sa nesesè.

Depatman Konstriksyon. Lè yo di "Depatman Konstriksyon" sa vle di Depatman Konstriksyon nan Vil New York la.

DSS. "DSS" vle di Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la.

Konstriksyon ki Kalifye. "Konstriksyon ki Kalifye" vle di modifikasyon yo fè nan yon inite lojman ki idantifye antanke Pwogramasyon Depans Rezonab Sètifye epi ki te kòmanse nan oswa apre dat 19 avril 2023.

HPD. "HPD" vle di Depatman Konsèvasyon ak Developman Lojman Vil New York.

RCNY. "RCNY" vle di Règ Vil New York yo.

§ 60-02 Pwosedì ak Dokimantasyon Aplikasyon.

a. Tout aplikasyon yo dwe soumèt bay HPD nan yon fòm ak yon fason Òganis Administrasyon Souchapit C City FHEPS yo apwouve. Se sèlman aplikasyon ki fin ranpli nan tout detay yo y ap konsidere.

b. Sètifica Kalifikasyon Preliminè

1. Yon inite lojman ki reponn ak egzijans ki tabli nan soudivizyon a ak b seksyon 10-24 Souchapit C nan Chapit 10 Tit 68 RCNY la kapab kalifye pou yon sètifica preliminè kalifikasyon pou yo kapab deziyen l antanke yon inite Souchapit C. Pou yon aplikasyon jwenn sètifica kalifikasyon preliminè, yo dwe soumèt li anvan konstriksyon an fin fèt.

2. Aplikasyon pou sètifica preliminè kalifikasyon sa a dwe genyen ladan li yon deklarasyon sou sèman aplikan an (i) ki dekri Konstriksyon Kalifye y ap mande Sibvansyon Reparasyon Inite Lojman Souchapit C a, (ii) ki fè yon estimasyon depans Konstriksyon Kalifye sa a, (iii) ki deklare inite lojman y ap pale a reponn ak kritè a selon soudivizyon a ak b nan seksyon 10-24 Tit 68 nan RCNY la.

3. HPD pral notifye aplikan sa a konsènan nenpòt defayans nan aplikasyon an nan yon lis verifikasiyon inik. Aplikan sa a dwe korije tout defayans sa yo nan yon espas katòz jou sivil apre dat yo bay notifikasiyon sa a. Si ou pa fè sa, sa ap lakòz yo detèmine w antanke pa kalifye.

4. Apre yo fin apwouve yon aplikasyon pou sètifica kalifikasyon preliminè, HPD pral mete yon sètifica final kalifikasyon disponib pou aplikan an epi nan menm lè a l ap bay DSS yon kopi dirèkteman.

5. Lè l fin fè detèminasyon non kalifikasyon yon aplikasyon, HPD pral sòti yon lèt ki notifye aplikan an konsènan detèminasyon (desizyon) sa a. Yon aplikan yo fè yon detèminasyon (pran yon desizyon) non kalifikasyon pou li kapab depoze yon nouvo aplikasyon pou yon sètifica kalifikasyon preliminè pou menm inite lojman an. Y ap konsidere nouvo aplikasyon sa yo nan lòd yo te resevwa yo a.

c. Aplikasyon pou yon Sètifica Kalifikasyon Final.

1. Pou yo deziyen yon aplikasyon pou sètifica kalifikasyon final antanke yon Inite Souchapit C, yo dwe soumèt li apre konstriksyon an fin fèt.

2. Tout aplikasyon pou yon sètifica kalifikasyon final dwe genyen dokiman ki pi ba yo:

(A) Dokiman ki pwouve pri aplikan an deklare yo ak depans aktyèl yo ki byen òganize epi ki ranje nan lòd yo te fèt la; epi

(B) Prèv konstriksyon an fin fèt nan espas sis mwa apre dat sètifica preliminè kalifikasyon an:

(i) Yon Sètifica Okipasyon pou inite lojman y ap pale a; oswa

(ii) Yon otorizasyon Depatman Konstriksyon an jan dokiman ofisyèl yo pwouve l la selon egzijans posib Konstriksyon an, epi ki akseptab selon HPD, si l sòti an koneksyon ak Konstriksyon Kalifye a; oswa

(ii) Si youn nan sa ki anlè yo pa yon obligasyon selon lalwa, HPD kapab egzije yon deklarasyon sou sèman yon achitèk anrejistre oswa yon enjenyè pwofesyonèl ki gen lisans pou l fonksyoné

ansanm ak plizyè lòt enfòmasyon, tankou men ki pa limite ak, yon deklarasyon sou sèman pwopriyetè a, yon kopi kontra travay yo, fakti yo, chèk ki anile oswa lòt kalite prèv peman jan HPD kapab egzije yo, anssam ak yon deklarasyon sou sèman yon kontrakte, ki konfime konstriksyon an fin fèt nan espas sis mwa apre dat sètifica preliminè kalifikasyon an fin sòti a sou demann HPD.

(C) Prèv inite a an konfòmite ak egzijans envestigasyon sou penti a baz plon nan soudivizyon a-1 seksyon 27-2056.4 nan kòd administratif vil New York la ak egzijans wotasyon seksyon 27-2056.8 menm kòd sa a.

3. HPD pral notifye aplikan an konsènan nenpòt defayans nan aplikasyon an pou yon sètifica kalifikasyon final nan yon lis verifikasiyon inik. Aplikan an dwe korije tout defayans sa yo nan yon espas 20 jou sivil apre dat notifikasiyon sa a. Si ou pa fè sa, sa ap lakòz yo detèmine w antanke pa kalifye.

4. Enspeksyon BLDS. Lè HPD fin byen fè verifikasiyon li pou yon aplikasyon sètifica kalifikasyon final, BLDS pral fè yon evalyasyon sekirite inite lojman an ak biling li ladan I lan epi I ap verifye si moun kapab rete ladan I. HPD pral notifye aplikan an konsènan nenpòt defayans yo jwenn nan enspeksyon sa a nan yon sèl gress lis verifikasiyon, epi aplikan an dwe korije tout defayans sa yo epi fè demann yon re-enspeksyon BLDS pa pi plis pase 14 jou apre dat yo ba I notifikasiyon sa a. Si ou pa fè sa, sa ap lakòz yo detèmine w antanke pa kalifye pou aplikasyon sa a.

5. Apre yon inite lojman fin pase enspeksyon BLDS la, HPD pral mete yon sètifica final kalifikasyon disponib pou aplikan an epi nan menm lè a I ap bay DSS yon kopi dirèkteman. Sètifica sa a dwe genyen ladan I depans rezonab sètifye Konstriksyon ki Kalifye a; sèlman montan sa a pa kapab depase \$25,000 pou kalite inite lojman sa a.

§ 60-03 Pwogramasyon Depans Rezonab Sètifye a HPD pral bibliye yon Pwogramasyon Depans Rezonab Sètifye sou sit entènèt li a, kote I pral tabli limit maksimòm pou ranbousman sou Konstriksyon Kalifye yo selon analiz nan bazdone RSMeans lan oswa bazdone depans konstriksyon ki parèy yo.

**DEPATMAN JIRIDIK NEW YORK CITY
DIVISION OF LEGAL COUNSEL
100 CHURCH STREET
NEW YORK, NY 10007
212-356-4028**

**SÈTIKASYON SELON
LWA § 1043(d)**

TIT RÈG LA: Amandman règ CityFHEPS yo (Règ Pèmanan)

NIMEWO REFERANS: 2023 RG 064

AJANS KI ETABLI RÈG YO: Administrasyon Resous Imèn

Mwen sètifye biwo sa a te eggzamine règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a jan seksyon 1043(d) Manman Lwa New York City a egzije sa, epi règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a:

- (i) ekri yon fason ki ap pèmèt yo akonpli objektif dispozisyon legal ki otorize a;
- (ii) pa opoze ak lòt règ ki aplikab yo;
- (iii) ekri yon fason limite pou atenn objektif li genyen an, nan mezi sa posib epi sa apwopriye;
- (iv) gen yon deklarasyon ladan li sou motif ak objektif yo ki esplike règ la ak egzijans règ la mande pou yo respekte yo byen klè, nan mezi sa posib epi sa apwopriye.

/s/ STEVEN GOULDEN
Konseye Jiridik Pwovizwa

Dat la: 13 Out 2023

**NEW YORK CITY MAYOR'S OFFICE OF OPERATIONS
253 BROADWAY, 10th FLOOR
NEW YORK, NY 10007
212-788-1400**

**SÈTIKASYON / ANALIZ
SELON SEKSYON 1043(d) MANMAN LWA A**

TIT RÈG LA: Amandman règ CityFHEPS yo (Règ Pèmanan)

NIMEWO REFERANS: HRA-35

AJANS KI ETABLI RÈG YO: Administrasyon Resous Imèn

Mwen sètifye biwo sa a te analize règleman nou pwopoze ki ekri pi wo a jan Seksyon 1043(d) Manman Lwa Vil New York lan egzije 1 la, epi règleman nou pwopoze ki ekri pi wo a:

- (i) Li fasil pou moun konprann epi yo ekri li nan langaj ki klè pou kominate a oswa kominate yo ki anba règleman yo;
- (ii) Diminye frè pou yo mete l konfòm pou kominate endividylel ki anba règleman yo oswa pou yo mete l konfòm ak plizyè kominate ki anba règleman yo sa ki koresponn ak reyalizasyon objektif règleman yo fikse a; epi
- (iii) Pa prevwa yon peryòd koreksyon paske li pa etabli okenn vyolasyon, modifikasyon yon vyolasyon, oswa sanksyon ki asosye avèk yon vyolasyon.

/s/ Francisco X. Navarro
Biwo Operasyon Majistra a

13 out 2023
Dat